

# Vil Cambridge

Community Development Department  
(Depatman Devlopman Kominotè)


**IRAM FAROOQ**  
Asistan Manadjè Vil la

Chè Cambridge Resident,


Vil Cambridge te idantifye w kòm moun ki kalifye pou peye elektrisite pi ba pri, lè w patisipe nan pwogram Community Solar nou an. Nou envite w patisipe nan Community Solar, ke Sunwealth Power patnè kominotè lokal nou an ofri.

Lè w enskri pou Community Solar, w ap resevwa jiska 20% **rabè sou depans ou yo pou elektrisite.**

## Ki jan li fonksyone:



**Abòne pou resevwa kredi enèji nan men yon pwojè solè ki toupre w**



**Kredi enèji diminye bòdwo elektrisite ou, sa ki fè pri enèji ou yo bese**

Pwogram Community Solar a fèt pou ede ou ekonomize lajan atravè yon òf senp:

- Rabè sou kredi enèji solèy yo aplike otomatikman pou diminye bòdwo elektrik ou.
- Pa gen okenn frè enskripsyon oswa frè anilasyon. Ou ka anile nenpòt lè.
- Lè ou sèvi ak yon kat kredi oswa Peman otomatik ACH sa ap pèet kredi sou bòdwo enèji.
- Kredi enèji yo koresponn ak konsomasyon enèji ou.

**Pou enskri**, ranpli fòmilè a nan: [www.sunwealth.com/communitysolar/cambridge](http://www.sunwealth.com/communitysolar/cambridge) oswa rele: 617-530-4033.


**Èske w gen kesyon sou pwogram nan, oswa bezwen èd pou enskri?** Voye imel nan [communitysolar@sunwealth.com](mailto:communitysolar@sunwealth.com) oswa rele 617-530-4033.

**Patisipe nan yon sesyon enfòmasyon vityèl k ap vini** avèk anlwaye Vil la Madi 7 Me a 4:00 pm pou aprann plis sou community solar. Enskri nan [camb.ma/3VaCNhM](http://camb.ma/3VaCNhM).

Nou kontan ede w ekonomize sou depans elektrisite w yo chak mwa.

Mèsi paske w sipòte kwasans enèji lokal ki pwoteje anviwònman!  
Sensèman,

Iram Farooq  
Asistan Manadjè Vil, Devlopman Kominotè, Vil Cambridge



# Vil Cambridge

Community Development Department  
(Depatman Developman Kominotè)

IRAM FAROOQ

Asistan Manadjè Vil la

P.S. Pwogram Cambridge Community Electricity (Elektrisite kominotè Cambridge) la koute mwens pase Sèvis Debaz rezidansyèl Eversource. Pou asire ou pa peye plis pou elektrisite nan men lòt founisè, rele Cambridge Community Electricity Program nan 844-379-9934. Ou ka diminye pri enèji w lè w konbine Cambridge Community Electricity ak Community Solar ki elijib pou revni.

Esta carta trata sobre cómo ahorrar dinero en la factura de la luz participando en el programa Community Solar. Para leer la carta en español, visite <https://camb.ma/4ayiYG1> o escanee el código QR. Para hablar con alguien de la Línea de Ayuda de Energía de Cambridge, llame al 617-865-2273 para su interpretación.

ይህ ደብዳቤ የሚያተኩረው በማህበረሰብ ሰላር ውስጥ በመሳተፍ በሃይል ሂሳብ ላይ ገንዘብ ስለማዳን ነው። ደብዳቤውን በአማርኛ ለማንበብ <https://camb.ma/4ayiYG1> ወይም የQR ኮድን ይቃኙ። በCambridge የሀይል የእርዳታ መስመር ላይ ከሚሰሩ ሰው ጋር ለመነጋገር እባክዎን 617-865-2273 ላይ ለትርጉም አገልግሎት ይደውሉ።


(Community Solar) تتعلق هذه الرسالة بتوفير المال في فاتورة الطاقة الخاصة بك من خلال المشاركة في برنامج الطاقة الشمسية المجتمعية (QR). أو قم بمسح رمز الاستجابة السريعة <https://camb.ma/4ayiYG1> لقراءة الرسالة باللغة العربية، تفضل بزيارة برجي الاتصال بالرقم 617-865-2273 للحصول على ترجمة Cambridge Energy، للتحدث إلى أحد الأشخاص في خط مساعدة فورية.

এই চিঠিটি কমিউনিটি সোলারে অংশগ্রহণ করে আপনার শক্তির বিলের অর্থ সাশ্রয় সম্পর্কে। বাংলায় চিঠিটি পড়তে, <https://camb.ma/4ayiYG1> ভিজিট করুন বা QR কোড স্ক্যান করুন। Cambridge এনার্জি হেল্পলাইনে কারও সাথে কথা বলতে, ব্যাখ্যার জন্য অনুগ্রহ করে 617-865-2273 নম্বরে কল করুন।

Lèt sa a se sou ekonomize lajan sou bòdwo enèji ou an lè w patisipe nan Community Solar. Pou li lèt la an Kreyòl Ayisyen, vizite <https://camb.ma/4ayiYG1> oswa eskane kòd QR la. Pou pale ak yon moun an Liy Èd Enèji Cambridge la, tanpri rele 617-865-2273 pou entèpretasyon.

这封信内容关于通过参与 Community Solar 来节省您的能源费用。如需阅读简体中文信件，请访问 <https://camb.ma/4ayiYG1> 或扫描二维码。如需与 Cambridge Energy Helpline 的人员通话，请致电 617-865-2273 寻获得口译服务。

Esta carta é sobre economizar dinheiro em sua conta de energia participando da Comunidade Solar. Para ler a carta em português, acesse <https://camb.ma/4ayiYG1> ou escaneie o código QR. Para falar com alguém na Cambridge Energy Helpline, ligue para 617-865-2273 para interpretação.



# Vil Cambridge

**Community Development Department  
(Depatman Developman Kominotè)**

---

**IRAM FAROOQ  
Asistan Manadjè Vil Ia**

